

<https://attorneygeneral.delaware.gov/vcap/compensation/>

## Pwogram Konpansasyon

### Kiyès ki kapab jwenn èd?

Pwogram Asistans Konpansasyon Viktim Delaware yo bay konpansasyon pou viktim krim vyolan yo ak fanmi yo pou depans ki gen rapò ak krim yo. Konpansasyon an disponib pou peman depans medikal ak dantè yo, konsèy sou sante mantal, medikaman sou preskripsyon, salè ki pèdi yo, sipò fineray/antèman an, lojman tanporè ak sèvis demenajman oswa re-enstalasyon, depans ki gen rapò ak krim yo ak lòt depans Ajans la apwouve. VCAP peye sèlman depans ki pa kouvri pa yon lòt sous finansman, tankou asirans sante oswa asirans oto. Yo pa kouvri byen ki pèdi yo.

---

### Kondisyon pou kalifikasyon:

- Yo dwe rapòte krim nan bay lapolis nan lespas 72 èdtan.
  - Yo dwe ranpli yon aplikasyon devan VCAP nan lespas 1 ane apre krim lan te fèt.
  - Viktim yo dwe kolabore ak ajans fòs de lòd yo.
  - Viktim yo dwe kolabore ak anplwaye VCAP yo epi bay tout enfòmasyon yo mande yo.
  - Viktim nan pa dwe lakòz oswa kontribye nan blesi oswa lanmò li.
- 

### Ki Pèt yo ka peye

- Depans medikal ak/oswa dantè pou viktim nan.
- Tretman sante mantal oswa konsèy pou sante mantal.
- Pèt salè oswa revni.
- Depans fineray ak/oswa antèman yo.
- Netwayaj sèn krim nan.
- Depans Demenaje/Re-enstalasyon.
- Lojman Tanporè.
- Chanjman seri yo.
- Ranplase atik yo te sezi kòm prèv.

Pwogram Asistans Konpansasyon Viktim yo ka peye sèlman pèt ki gen rapò ak krim ki pa kouvri pa yon asirans oswa lòt sous. Pa gen okenn alokasyon ki ap depase \$25,000.00. Yo te fiksé limit pou kèk kalite pèt. Tanpri kontakte biwo VCAP la pou tout kesyon yo.

YO DWE SIPOTE TOUT PÈT YO AK DOKIMAN AVAN YO BAY KONPANSASYON.

YO PA KAPAB PEYE W POU BYEN KI PÈDI, KI DOMAJE OSWA YO VÒLÈ, OSWA POU DOULÈ AK SOUFRANS.

PARAN OSWA GADYEN YO DWE APLIKE POU TOUT MOUN KI POKO GEN 18 LANE. VIKTIM KI PA KAPAB APLIKE AKOZ YO LIMITE FIZIKMAN OSWA MANTALMAN, OSWA LANMO, TA DWE GEN YON REPREZANTAN PÈSONÈL POU DEKLARE SOU NON YO.

---

Pou w jwenn Èd Tanpri Kontakte:

**Pwogram Asistans Konpansasyon Viktim yo**

900 North King Street, Suite 4  
Wilmington, DE 19801  
Telefòn 302.255.1770  
Faks 302.577.1326

**Sant pou Viktim nan Delaware**

1-800-VICTIM-1 Nan Eta a sèlman

**Depatman Lajistics Delaware**

**Init Sèvis pou Viktim yo**  
1-800-870-1790

**Liy èd Delaware**

Nan Eta: 1-800-464-ÈD (4357)  
Andeyò Eta a: 1-800-273-9500

[Resous pou Viktim Lokal yo](#)